

BAB V KACINDEKAN JEUNG SARAN

5.1 Kacindekan

Dumasar kana hasil analisis jeung déskripsi bab IV, aya sababaraha hal anu bisa dicindekkeun.

- a. Santri Asrama Putra Pesantrén Persis Tarogong némbongkeun sikep positif kana basa Sunda sok sanajan masih kawilang héngkér. Dumasar kana hasil panalungtikan katitén yén santri anu nyarita ku basa Sunda aya 61,28 %. Santri lolobana ngagunakeun basa Sunda nalika nyarita jeung papada urang Sunda nya éta 76 %. Basa Sunda ogé sering digunakeun nalika nyarita jeung bapa nya éta 68%, kusabab santri lolobana nu kasang tukangna pituin Sunda. Nyarita dumasar tempat ngawengku; asrama, sakola, masjid, kantin, pasar, komplék pasantrén, jeung réstoran. Ieu hal katitén yén santri Asrama Putra Persis Tarogong umumna ngagunakeun basa Indonésia dina kagiatan sapopoé, nya éta 52 %. Sedengkeun nu ngagunakeun basa Sunda dina kagiatan sapopoé aya 28,87 %. Santri ngagunakeun basa Sunda lolobana nalika keur ambeuk, nya éta sajumlah 76 % (38 urang), sedengkeun nalika caramah ngagunakeun basa Indonesia aya 78 % (39 urang),. Nyarita dumasar tempat ngawengku; asrama, sakola, masjid, kantin, pasar, komplék pasantrén, jeung réstoran. Ieu hal katitén yén santri Asrama Putra lolobana nyarita ngagunakeun basa Sunda dumasar kana tempatna, nya éta 60,29 %.
- b. Kareueus Santri Asrama Putra Pesantrén Persis Tarogong kana basa Sunda nya éta positif 39,2 %, kawilang leuwih di handapeun 50%. Tapi persentaseu ieu leuwih luhung batan sikep négatif jeung sikep biasa-biasa. Santri ngarasa penting yén ngawanohkeun kekecapan kanu lain urang Sunda téh pikeun ngaronjatkeun *eksistensi* basa Sunda. Santri ogé teu panuju lamun aya nu ngahina basa Sunda, jeung teu panuju lamun ngomong basa sunda téh kampuan. Salian éta, nu nembongkeun sikep positif téh santri teu panuju lamun pelajaran basa Sunda dileungitkeun. Ieu hal ngabuktikeun yén santri masih aya kareueus kana basa Sunda.

Rizal Shidiq Muttaqin, 2018

SIKEP SANTRI KANA BASA SUNDA : Ulikan Sosiolinguistik di Asrama Putra Pasantrén Persis Tarogong Garut.

Universitas Pendidikan Indonesia | repo:

4

repo.pustaka.upi.edu

- c. Kasadaran Santri Asrama Putra Pesantrén Persis Tarogong kana ayana norma basa nya éta positif sok sanajan teu optimal 38%. Di sebut positif sabab santri sadar kana ayana Tatakrama Basa Sunda (TBS), ogé santri ngarasa penting kana ayana Tatakrama Basa Sunda. Sedengkeun disebut teu optimal sabab dina kaweruh santri kana kabasaan masih minim, nu matak ngabalukarkeun santri teu maké basa Sunda téh aya kasieun nalika nyarita maké basa Sunda. Padahal kasadarab kana norma basa geus aya, tapi pangaweruh kana Tatakrama Basa sunda nu can aya. Ku kituna, kasadaran Santri Asrama Putra Pesantrén Persis Tarogong kana ayana norma basa némbongkeun sikep positif tapi teu optimal.
- d. Faktor nu mangaruhan sikep Santri Asrama Putra Pesantrén Persis Tarogong kana basa sunda diantarana : 1) lingkungan sosial anu meredih kaayaan santri Asrama Putra kudu ngagunakeun basa Indonesia sabab teu sakabéh nu masantrén di Persis Tarogong urang Sunda; 2) pangaweruh kabasaan hal ieu nu meredih kana kaweruh santri dina kabasaan hususna dina basa Sunda, sikep santri masih kawilang héngkér sabab teu saeutik santri anu ragu kana ayana Tatakrama Basa Sunda; 3) kasang tukang kulawargana, hal ieu nu mangaruhan pisan kana sikep positif santri kana basa Sunda, sabab santri anu kulawargana tulén urang Sunda masih ngagunakeun basa Sunda, beda deui jeung nu lain tulén urang Sunda. Ketua Pondok Pesantrén Ustad Abdul Rosyid nétélakeun yén di Pesantrén Persis Tarogong basa Sunda teu di prioritaskeun sabab loba nu lain urang sunda, nu matak di Pesantrén Persis Tarogong masih kawilang héngkér kana basa Sundana, salian éta kurangna bimbingan langsung ti murobbi-murobi nu ngabimbingna ngeunaan kasundaan.

5.2 Saran

Dumasar kana panalungtikan anu geus dilaksanakeun , aya sawatara saran anu hayang ditepikeun ku panalungtik pikeun kamekaran basa Sunda sangkan leuwih nanjeur ogé ngaronjatkeun sikap positif Santri Asrama Putra Pesantrén Persis Tarogong.

Rizal Shidiq Muttaqin, 2018

SIKEP SANTRI KANA BASA SUNDA : Ulikan Sosiolinguistik di Asrama Putra Pasantren Persis Tarogong Garut.

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

- a. Staff Murrobi Pasantren Persis Tarogong kudu ngayakeun bimbingan husus ngeunaan kasundaan hususna dina basa sunda, boh ngayakeun bimbingan *ceramah* maké basa Sunda atawa ngayakeun kajian tarjamah kitab maké basa Sunda. Sangkan basa Sunda di kalangan Santri Asrama Putra Pasantren Persis Tarogong leuwih ngaronjat deui. Komo deui ayeuna ti Pamarentah Provinsi Jawa Barat geus aya program Rebo Nyunda, ieu program bisa dijadikeun wadah pikeun leuwih reueus, satia kana basa Sunda.
- b. Hasil ieu panalungtikan dipiharep bisa dijadikeun réferénsi pikeun panalungtikan anu sawanda.
- c. Ieu panalungtikan dipiharep bisa ngajembaran kana panalungtikan anu leuwih jembar sangkan basa Sunda bisa leuwih kukuh dikalangan nonoman Sunda hususna Santri.
- d. Dipiharep di Asrama Putra Pasantren Persis Tarogong bisa nyadiakeun buku-buku ngeunaan basa Sunda, sangkan santri bisa leuwih teleb mikaweruh kana basa Sunda.

Rizal Shidiq Muttaqin, 2018

SIKEP SANTRI KANA BASA SUNDA : Ulikan Sosiolinguistik di Asrama Putra Pasantren Persis Tarogong Garut.
Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu